



Pou Piblikasyon Imedya: 22/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN LEJISLASYON POU PWOTEJE DWA TRAVAYÈ OTONÒM YO

Lejislasyon S.5026/A.6040 adopte Lwa "Travay Otonòm Pa Gratis" ki founi pwoteksyon peman pou travayè otonòm yo

Gouvènè Kathy Hochul te siyen lejislasyon S.5026/A.6040, ke yo rekonèt kòm Lwa "Travay Otonòm Pa Gratis" (Freelance Isn't Free), ki bay pwoteksyon, dwa ak opòtinite pou travayè otonòm yo pa peye pou sèvis yo.

"Chak Nouyòkè merite pou yo trete yo avèk diyite ak respè nan espas travay la, kit yo se yon travayè a tan plen, a tan pasyèl oswa otonòm", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan travay otonòm ap vin deplizanpli komen, nou bezwen lwa ki gen pwoteksyon solid pou asire yo peye moun sa yo yon fason ki jis pou travay yo fè. Nouvo lwa sa a se yon gwo pa an avan pou sektè esansyèl sa pou mendèv nou an".

Lejislasyon S.5026/A.6040 pwolonje pwoteksyon pou travayè otonòm yo atravè tout Eta New York, sou baz Lwa Travay Otonòm Pa Gratis Vil New York la, lè li ajoute sipèvizyon ak ranfòsman ki soti nan Biwo Pwokirè Jeneral Eta New York. Lwa sa a pral pwoteje travayè otonòm yo lè li etabli yon dwa pou yon kontra alekri avèk sèten kondisyon, peman alè ak konplè ak pwoteksyon kont vanjans ak diskriminasyon poutèt moun nan egzèsè dwa sa yo. Pwokirè Jeneral la kapab eseye aksyon pou jwenn solisyon, tankou domaj ak penalite sivil, nan non travayè otonòm ki afekte yo. Travayè otonòm yo ap gen dwa tou pouswiv yon pwosè prive pou pwoteje dwa yo nan kad nouvo lwa a.

Dwa ak pwoteksyon elaji sa yo pral aplike pou travayè otonòm yo ki garanti y ap peye yo omwen 800 dola pou sèvis yo. Depatman Travay (Department of Labor, DOL) la pral bay kontra modèl sou sitwèb li a pou travayè otonòm yo ak moun k ap anboche yo pou sèvi ak kondisyon ki konfòm ak nouvo lwa sa a.

Senatè Eta Andrew Gounardes te deklare, "Kit se elektrisyen kontra nou yo oswa travayè domestik yo oswa jounalis otonòm nou yo, tout travayè atravè New York merite pwoteksyon travay konplè, klè ak ranfòse. Se poutèt sa mwen te ekri lwa mwen an, Travay Otonòm Pa Gratis, epi rezon ki fè mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li

te siyen li. Jodi a, n ap fè li klè ke nou p ap kite yo bouskile travayè yo oswa refize dwa yo — ni nan Brooklyn, ni nan Buffalo, epi ni okenn kote atravè New York".

Manm Asanble Harry B. Bronson, te deklare, "Travay otonòm se yon gwo pati nan ekonomi nou an. Travayè otonòm yo travay di chak jou epi anvan lejislasyon sa a prèske pa te gen pwoteksyon si yon kliyan pa t peye yo pou travay yo. Lejislasyon sa a mete fen nan abi sa a lè li egzije yon kontra alekri avèk dispozisyon pou peman. Li bay tou pwosedi koleksyon atravè yon dwa prive nan aksyon oswa atravè biwo Pwokirè Jeneral la si kliyan an pa respekte kontra a. Lè Gouvènè Hochul siyen lejislasyon sa a, sa ap asire peman alè pou travayè otonòm yo pou yo ka pran swen tèt yo ak fanmi yo —Mèsi Gouvènè Hochul. Atravè lejislasyon sa a Eta a ap di tout travayè otonòm yo ke yo menm ak travay yo gen valè. Mèsi Senatè Gounardes ansanm ak Sendika Travayè Otonòm yo ak tout defansè yo pou travay yo pou apwòch bon sans sa a pou mete fen nan diskriminasyon ekonomik kont travayè otonòm yo".

Direktè Egzekitif Sendika Travayè Otonòm yo Rafel Espinal, te deklare, "Jodi a se yon bon jou pou nou vin yon travayè otonòm nan eta New York. Jou Aksyon de Gras sa a nou rekonesan dèske Eta New York pran angajman pou pwoteje travayè otonòm yo dapre lalwa. Nou gen plis konfyans ke Eta New York pral ouvri wout la nan kenbe move aktè yo responsab epi ankouraje mendèv travayè otonòm nan alavni. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te siyen pwojè lwa sa a ak pou defansè nou yo, ki sipòte pwojè lwa nou yo, Senatè Andrew Gounardes ak Manm Asanble Harry Bronson pou angajman yo depi nan kòmansman li".

Prezidan Sendika Nasyonal Ekriven, Larry Golbetter, te deklare "Yo dwe peye chak travayè alè pou travay yo, men toujou gen sèlman yon ti kantite travayè otonòm ki gen aksè a dwa debaz sa a. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul paske li te pran mezi pou elaji pwoteksyon travayè yo pou plizyè dizèn milye travayè otonòm, epi nou pa ka tann pou n baze sou Travay Otonòm Pa Gratis pou konbat vòl salè travay otonòm nan New York ak atravè peyi a. Nou vle remèsye tou Senatè Andrew Gounardes ak Manm Asanble Harry Bronson pou plizyè ane pèsistans yo nan defann pwojè lwa sa a ak batay pou travayè otonòm yo, ki pral gen plis resous kounye a pou chèche peman yo dwe yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)